# Lis Kontwòl Avan vaksinasyon pou Vaksen COVID-19 yo

## Pou moun k ap resevwa vaksen yo:

Kesyon ki annapre la yo pral ede nou detèmine si gen nenpòt rezon ki fè ou pa ta dwe resevwa vaksen COVID-19 la jodi a. **Si ou reponn "wi" pou nenpòt kesyon, sa pa vle di nesesèman ou pa dwe vaksinen.** Sa jis vle di gen kesyon anplis yo gen dwa poze. Si yon kesyon pa klè, tanpri mande founisè swen sante ou pou li eksplike l.

**Non** ______________________________

**Laj** ____________

| | Wi | Non | Mwen pa konnen |
|---|---|---|---|
| **1.** Èske ou santi ou malad jodi a? | ☐ | ☐ | ☐ |
| **2.** Èske ou deja resevwa yon dòz vaksen COVID-19? | ☐ | ☐ | ☐ |
| • Si se wi, ki pwodui vaksen ou te resevwa?<br>☐ Pfizer ☐ Moderna ☐ Janssen *(Johnson & Johnson)* ☐ Yon lòt Pwodui ____________ | | | |
| • Èske ou te pote kat dosye vaksinasyon ou oswa lòt dokiman? *(wi/non)* | ☐ | ☐ | |
| **3.** Èske ou te fè yon reyaksyon alèjik deja:<br>*(Sa ta gen ladan yon reyaksyon alèjik grav [pa egzanp, anafilaksi] ki te mande tretman avèk epinephrine oswa EpiPen® oswa ki te lakòz ou ale nan lopital. Li ta gen ladan tou yon reyaksyon alèjik ki te lakòz itikè, anflamasyon, oswa detrès respiratwa, sa gen ladan respirasyon siflan.)* | | | |
| • Yon eleman nan yon vaksen COVID-19, sa gen ladan youn nan sa ki annapre la yo: | | | |
| ○ Polyethylene glycol *(PEG)*, ki twouve l nan sèten medikaman, tankou laksatif yo ak preparasyon pou pwosedi kolonoskopi yo | ☐ | ☐ | ☐ |
| ○ Polysorbate, ki twouve l nan sèten vaksen, nan konprime ki kouvri ak yon fim, ak nan estewoyid yo bay nan venn yo | ☐ | ☐ | ☐ |
| • Yon dòz anvan sa nan vaksen COVID-19 | ☐ | ☐ | ☐ |
| **4.** Èske ou te deja fè yon reyaksyon alèjik ak yon lòt vaksen *(ki pa vaksen COVID-19 la)* oswa ak yon medikaman enjektab?<br>*(Sa ta gen ladan yon reyaksyon alèjik grav [pa egzanp, anafilaksi] ki te mande tretman avèk epinephrine oswa EpiPen® oswa ki te lakòz ou ale nan lopital. Li ta gen ladan tou yon reyaksyon alèjik ki te lakòz itikè, anfleman, oswa detrès respiratwa, sa gen ladan respirasyon siflan.)* | ☐ | ☐ | ☐ |

**5.** Tcheke tout sa ki valab pou ou:

- ☐ Mwen se yon fi ki gen laj ant 18 ak 49 lane
- ☐ Mwen se yon gason ki gen laj ant 12 ak 29 lane
- ☐ Mwen gen yon istwa myokardit oswa perikardit
- ☐ Mwen te gen yon reyaksyon alèjik grav ak yon lòt bagay ki pa yon vaksen oswa terapi enjektab, pa egzanp alèji ak manje, bèt kay, venen, anviwònmantal oswa medikaman nan bouch
- ☐ Mwen te gen COVID-19 epi m te trete avèk antikò monoklonal oswa sewòm konvalesans
- ☐ Mwen te resevwa yon dyagnostik Sendwòm Enflamatwa Miltisistemik (Multisystem Inflammatory Syndrome, MIS-C oswa MIS-A) apre yon enfeksyon COVID-19
- ☐ Mwen gen yon sistèm iminitè ki febli (sètadi enfeksyon VIH, kansè) oswa mwen pran medikaman oswa terapi imuno-supresyon
- ☐ Mwen gen yon maladi senyen
- ☐ M ap pran yon antikowagilan
- ☐ Mwen gen yon istwa twonbositopeni eparin pwovoke (Herparin-Induced Thrombocytopenia, HIT)
- ☐ Mwen ansent oswa m ap bay tete aktyèlman
- ☐ Mwen te resevwa piki pwodui nan po pou konble min nan figi
- ☐ Mwen gen yon istwa Sendwòm Guillain-Barré (GBS)

**Fòm revize pa** ______________________________ **Dat** ______________